Зыяда ҚУТЛЫМУРАТОВА

# ҮМИТ ШАҚҚАН ШАҢҒАЛАҚ

НӨКИС
«БИЛИМ»
2017

www.ziyouz.com kutubxonasi

УОК 821.512.121-1
КБК 5 Қар
Қ — 92

**Зыяда Қутлымуратова. Үмит шаққан шаңғалақ.** Нөкис, «Билим» баспасы, 2017-жыл. 32 бет.

**УОК 821.512.121-1**
**КБК 5 Қар**
**Қ — 92**

Бул топлам автордың биринши китабы. Турмыста көргенлерин, қәлбине түйгенлерин қосық қатарларына сыйдыра билген авторға үмит босағасындағы әрманлары иске асыўын тилеймиз.

Пикир билдириўши:

**Оразбай Сәтбаев** — *Қарақалпақстан Журналистлер аўқамы ағзасы.*

ISBN 978-9943-4437-8-5

© З. Қутлымуратова, 2017.
© «Билим» баспасы, 2017.

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ӘМИЎДӘРЬЯ

Қапаланып бардым дәрья бойына,
Толқынлары қапалығым урлады,
Кеўлим өсип Әмиўдәрья бойында,
Илҳам алып зибанларым сайрады.

Балығы бар шортан және сазаны,
Бир балыққа толар үйдиң қазаны,
Сол гезлери ядқа түсти анамның,
Таярлаған қармалары мазалы.

Жағасында байлаўлы тур қайығы,
Ығыс тартса қозғалады қазығы,
Сонда және еске алдым атамды,
Сол дәрьядан болған екен азығы.

Әмиўдәрьям бурқасынлап ағады,
Ылай суўы жуўсаң бетке жағады,
Бабам көзи көрген Әмиўдәрьям ол,
Бир анадай кеўилимди табады.

Сол дәрьяның жағасында жасадым,
Сулыў тәбияты, сулыў қусларым,
Сәл алыслап кетсем егер жағадан,
Сағынып қаламан ылай суўларын.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Әмиўдәрьям бәрҳә толып аққайсаң,
Балығыңмен халқымызды баққайсаң,
Дәўлет болып ўатанымның бахтына,
Баўырыңа суў толтырып жатқайсаң.

## БИР ЯР КИЯТЫР

*(Жигитлер тилинен)*

Жуўан бурымлары балтырын қушып,
Ырғатылып гене дилбар киятыр,
Суў шайпалмас жилўа назға майысып,
Әнекей, көзлери қунқар киятыр.

Қыйқаш қас астында бадам қабағы,
Тебен кирпиклери садақ атады,
Билмем ҳақ шарабын қашан татады,
Татлы толғаныста нигар киятыр.

Қара қуралай көз кийик жүрисли,
Сыңғырлаған сулыў булақ күлисли,
Боларлық бир ярға дәўлет ырысқы,
Жүрек толы әрман инкар киятыр.

Қандай азадалық не деген саўлат,
Бир оқ нәзер менен аларлық жаўлап,
Қырмызы көйлеги жалындай лаўлап,
Әне, бағ ишинде бир яр киятыр.

Аппақ жүзлеринен аймалап самал,
Бахыт бәҳәринен жеткизсе хабар,
Жаңа туўған айдай көрсетип жамал,
Он сегиздиң гүли дилбар киятыр.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ӨМИР

Ақша бултлар жылжып өтип барады,
Көзим менен шолып қала беремен,
Өмиримиз зуўлап өтип барады.
Тоқта деймен ҳәм изине еремен.

Өмир деген турмас екен иркилип,
Кетер екен мыйық тартып бир күлип.
Ишим жанып жүрегим күйип барады,
Күннен-күнге жас үстине жас минип.

## ДОСТЫМ

Сен муңайдың достым, түрлериң әжеп,
Қәне? Сырласайық не бар ишиңде,
Сорамайман бирақ өзиңди тежеп,
Дәртлериңди төкте тарқат шериңди.

Ышқы сезимлерге толғанып гейде,
Үнсиз отырасаң неликтен өзиң,
Кеўил қабарды ма айтшы сен маған,
Неге муңаяды қарамық көзиң.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## СОҚПАҒЫМ

Орама жиптиң ушын табалмай,
Алған қарызымды жүрмен жабалмай,
Жасағым келер мен де қыйналмай,
Бунша қыйын болды өмир соқпағым.

Камбағаллық көп алдында кемситти.
Ҳәтте досларымды меннен сепситти,
Төрден емес орын етти есикти,
Бунша аўыр болды өмир соқпағым.

Пулсыз сөзим далаларда шашылды.
Камбағаллық бетиме де басылды,
Гейде көтере алмай түскен тасымды,
Мени албыратты өмир соқпағым.

Таярман мудамы мийнет етиўге,
Тәшиўишти билек түрип жеңиўге,
Күшим жетеди сабыр етиўге,
Бахыт жолына жеткер соқпағым.

## ҚЫЗЫМ ТЫҢЛА!

Қызым тыңла! Мен айтаман өзиңе,
Қулақ түргил мениң айтқан сөзиме,
Мен, анаман бақырып ҳәм сүйемен.
Сөз ермесин деймен сениң изиңе.

Саған тамақ, саған кийим боламан,
Сениң ушын жаным пида қыламан,
Бирақ сениң жүрегиңниң ийесин,
Табалмайман мен мойныма аламан.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Урысты деп қапа болма анаңа,
Сенде солай боласаң өз балаңа,
Мен ыразы бахытлы бол соның менен,
Жүрегиңе буйрық берип болама.

Таңлағаның опалы яр ер болғай,
Душпанларың досларыңнан кем болғай,
Бахытлы бол басқа балам сөзим жоқ,
Түбиңиз бир, шақаларың мың болғай.

## АМАНЛЫҚ

Қосық жазып ақламайман өзимди,
Сабақ болсын деп диземен сөзимди,
Қыйыншылық аштырмады көзимди,
Мениң мeнен бирге болғай аманлық.

Не тасларды бир желкемде көтердим,
Бул басымнан не тәшўишлер өткердиң.
Налаларым аспанларға жеткердим,
Мениң менен бирге болғай аманлық.

Өз арбамды жегетуғын атым жоқ.
Тартып жүрмен жете алмайман ҳалым жоқ,
Кеўлим бай да, бирақ бир де малым жоқ,
Тилегим сол бергей бизге аманлық.

Дүнья келер және бир күн кетеди,
Пулсызда не әрманлар питеди,
Байлығым балаларым аман болғайда,
Сол аманлық мениң ушын жетеди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## АДАМЛАР

Дузлық ишип дузлығыңа түпирсе,
Бир сөзиңди мың етип ол көпирсе,
Дос дегениң душпан болып секирсе,
Қалай-қалай болғаны ол адамлар.

Дәртиңди төксең түсинбесе не керек,
Ашсаң кеўил, жараласа ол жүрек,
Досың емес душпаның ғо ол демек,
Түсинбедим қалай-қалай адамлар.

Не дослардан пәнт пушайман болғанман,
Сыйлап жүрип дәккисин жеп қалғанман,
Бул пәнийде қутылмадым жалғаннан.
Дым өзгерип кеткен екен адамлар.

Өзим менен өзим қалсам ойландым,
Айыбым не биле алмай қыйналдым,
Жақсылығым жаманлыққа айналдың,
Неге түсиниксиз екен адамлар.

Жаманлығым жоқ еди бир адамға,
Жақсы сөйлер едим ҳәтте ладанға,
Жақсы шығар деп ойладым жаманда,
Бирақ неге түсиниксиз адамлар.

Қәлбим қатты езиледи негедур,
Айыбымды айта ғойың адамлар,
Айталмайсыз соны кеўлим сезеди,
Неге мийримсиз, неге адамлар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қолға қолды берип неге жүрмеймиз,
Қәлиптен қәлипти неге сезбеймиз,
Бул бес күнлик дүнья өтип кетеди,
Бул дүнья қәдирин неге билмеймиз.

## АНА

Дүньяға келдим, көзимди аштым,
Бир қыяпа көрдим, дәрьядай тастым,
Кеўлим қарар тапты, сезимлер ояў,
Ҳәм ана сүтине аўызымды бастым.

Не деген қүдирет, не деген меҳир,
Аймалар еди жумсақ алақан,
Мен қалай есейип өсип бараман,
Бәрибир анама бөбек баламан.

Анамның ҳәййиўи есимнен кетпес,
Есейсемде еситким келе береди,
Балам деп сыйпаса жипек шашымды,
Қәлбим бар меҳирди сезе береди.

## БАХЫТ БИЛДИМ...

Ҳәси кетип қалмадым ба екен ай,
Бендемиз ғо гейде налып қаламан,
Мениң бахтым перзентлерим емес пе,
Дүньям солар соған шүкир қыламан.

Бахтын көрсем деймен төрт нәлимниң,
Мийнет етип келгенинше ҳалымның,
Сол балаларым болмағанда қасымда,
Қызығы жоқ жыйған дүнья малымның.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Артықъ емес кем емес қатарыма тең болсам,
Төрт көз түўел болып деним саў турсам,
Ҳадал таўып тыныш ғана жай болсам,
Бахыт деген усы екен ғой ойласам.

Талай күттим тәшўиш шегип таңларды,
Арзыў етип қол жетпестей айларды,
Ден-саўлық пенен аманлыққа жетпейди,
Бахыт билдим баўырымдағы балаларды.

## МЕНИҢ НАЛАМ...

Шыдамым, сабырым таўсылып кетти,
Не саўда не күнлер басымнан өтти,
Бәрине шыдарман, шыдай беремен,
Тап солай қаншама күнлерим өтти.

Басқаның тәшўиши жоқтай түйилер,
Жүрегим күш бермей неге күйинер,
Жақсылық мен сени излеген сайын,
Неге ислерим изге шегинер.

Дәртлеримди ақ қағазға төгемен,
Бир азғана тәшўишимди көмемен,
Шаршасамда өмиримниң жолында,
Жанталасып, алға, алға жүремен.

Гейде жылап шерлеримди тарқаттым,
Иштен жылап, сыртқа күлим қақтым,
Күлип жүрип тәшўиш пенен айқастым,
Билдирмедим, жасырынып қуладым.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жақсылықтан үмит етип жүриппен,
Шүкирлигим ақырын бер өзиң деп,
Бир өзиме салмақ түсер неликтен,
Мийнетимниң рәҳәтин берер деп.

Жалғыз жүрип шабарман бул атымды,
Шаң көтермей туяқлары талады,
Ҳәлсиз дейди гей биреўлер қатынды,
Бир ўақытлары сол айтқандай болады.

Шүкир алла перзент берип сыйладың,
Өмир жасын узақ етсин олардың,
Мийнет еттим еки қолым қабарып,
Бахты болсын деймен солардың.

Төрт перзентим мениң ушын бирдей-аў,
Ақ сүтим де олар ушын теңдей-аў,
Минезлери бир-бирине уқсамас,
Гейде мамық, гейде ыққан сеңдей-аў.

Бирин-бири туўысқан деп сыйлайды,
Жақсы болып бирге күлип ойнайды,
Неге, неге? бир ўақлары ҳайранман,
Тәшўиш болып бәри мени қыйнайды.

* * *

Перзентлерим жетекледим қолларын,
Бийигине алып шықтым таўлардың.
Көрсетейин деп бахыт жолларын,
Әўметлерин берсин деймен олардың.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Перзентлерим адаспағай жолларда,
Сол тилегим тилегеним таңларда,
Мен көнемен мен қайылман бәрине,
Перзент ушын мен анада жан барма.

Әўметлери шаўып кеткей илайым,
Туўры жолда жүргей олар ҳәрдайым,
Бахтын көрсем деймен мениң тилегим,
Бахты ушын тилек тилер жүрегим.

Жалғыз тарттым шаңарақтың арбасын,
Қыйналдымаў толтыра алмай дорбасын.
Ана ушын қыйыншылық ҳештеңе,
Перзентлерим сергизданда қалмасын.

Парлап турсын маңлайында жулдызы,
Несийбеси молдан болсын жаз, қысы,
Ҳадал болсын таўып жеген нан, дузы,
Досы болсын душпанлары болмасын.

Жубайларын адаспағай таңлаўда,
Опалы яр уқсар екен таўларға,
Таў қуламас жеткереди әрманға.
Перзентлерим қолы жеткей айларға.

Улларым бахытлы болғай уяда,
Қызым бахтын тапқай қыяда,
Сонда ғана мен бахытлы боламан,
Деп ойлайман мениң атым Зыяда.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ӨГЕЙ НӘРЕСТЕ

Бир нәресте мап-мазалы сөзлери,
Жаўдырайды мөлдир қара көзлери,
Аңласам негедур сулыў жүзлери,
Айтшы неден қапа болдың нәрестем?

Ҳәр күни көремен жолдың бойында,
Қандай да бир тәшўиш жүрер ойында,
Қызықпады бала қусап ойынға,
Қандай дәртлериң бар сениң нәрестем?

Ҳәр күни усылай жол қарап қайтаман,
Өз туўған анамды көптен жойтаман,
Урып қорлағанын өгей анамның,
Айт анажан кимге ғана айтаман.

Ҳей аналар, түбимиз бир анамыз,
Қашан оянады меҳир санаңыз,
Ҳасла жылатпайық нәрестелерди,
Сонда ғана нағыз ана боламыз!



www.ziyouz.com kutubxonasi

## СЕЗИМ

Бир сезим бар көринбейди көзиме,
Табалмайман қарасамда изиме,
Менде болып өтип кеткен бул сезим,
Қызық болып түйиледи өзиме.

Жыллар өтип, айлар өтип барады,
Саўсақларым аппақ шашым тарады,
Мениң жасым ғаррылыққа жетелер,
Жүрек бирақ жастай болып қалады.

Шәменлер қәлбиме көмилип қалды,
Меҳрим перзентке төгилип қалды,
Ақылым өзиме туўры жол салды,
Душпаным мениң жеңилип қалды.

Балаларым барлығым, бағманым олар,
Олар орынланған әрманым болар,
Мен еле гүдерди үзбеймен ҳасла,
Талай қосық толы таңларым болар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ДӘРТИМ

Қара сыям ақ қағазды бояды,
Дәртим төксем жүрек тыныш қояды,
Айқаспастан таңды күтип кирпигим,
Дәртлеримди қосық болып сояды.

Маған илҳам берип, йошым келип тур,
Ақ қағазым маған шерик болып тур,
Дәртим төксем сол қағазлар бетине,
Жүрек солай дәртлеримди жеңип тур.

Гей биреўлер көре алмаса қол силтер,
Гей биреўлер қызғаныштан сөз етер,
Гей биреўлер мал-дүньясын көз-көз етер,
Арасынан достым излеп табарман.

Досларым бар мың душпанды жығады,
Душпаным бар салмақ басса ығады,
Балаларым бар анашым деп турады,
Соған ғана шүкир қылып тураман.

## ЖЕЗДЕМЕ

Китабыңның урладым бир бетин,
Қосығыңды оқып жуўлады етим,
Ийесин таппаған қосықлар жетим,
Қәлбиңди қақ жарып туўылған екен.

Нийетиң, тилегиң туўры ғо жезде,
Қосығың күлдирип жылатар гейде,
Ҳақыйқат ашшы қадалар биздей,
Дәккиңди еситкен дүзелер демде.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Шайырдың шайыры өзиң екенсең,
Зухраның Тайыры бизиң жездемсең,
Бул шетте аўысып қалай жүргенсең,
Дүньяны таныған инсан екенсең.

Айбатлы екенсең басым салмағың,
Мениң апам сениң сайлап алғаның,
Қалаға барып неге шайыр болмадың.
Я, апам қызғанып жибермей жүрме.

## АЎЫЛЫМ

Алыс-алысларда мениң аўылым,
Бирақ жүрегиме жақын турыпты,
Мазалы еди жеген қаўыным,
Еле аўзымда дәми турыпты.

Шапқылап ойнадым, топырағын шаңқытып,
Гүллерин тердим, ийислерин аңқытып,
Ойыннан қайтар едик күнди батырып,
Солай ядқа түсер мениң аўылым.

Адираспаннан моншақ диздик мойынға,
Ғулы-ғуллық услап жағып табанға,
Жуўырып жетейик деп бийик әрманға.
Солай ядқа түсер балалық шағым.

Қақлы-қумым жатыр көсилип еле.
Бийик ойлы оның қумлары шеге,
Сән берип турады Шақаман елге,
Солай еске түсер аўылым мениң.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ол қумды гезбеген адам жоқ сирә,
Ол жерде әкемниң излери жатыр,
Әкем көзи көрген қақлы—қум бизиң,
Аўылға барғанда алдымнан шығар.

Каабаға барғандай боламан барсам,
Баладай қуўанаман сол жерде турсам,
Сол соқпақ, сол жаплар, сол көшелерде,
Көбисин табалмайман, көбисин тапсам.

Ашшы ҳәм душшы күнлер гүўасы,
Елимди сақлайды бабам дуўасы,
Маған мәдет берер таўлар жуўасы,
Аўылымды солай ядқа аламан.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҮМИТ ШАҚҚАН ШАҢҒАЛАҚ

*(Гүрриң)*

Таң. Басым мең-зең көзлеримди зорға ашып дөгерекке қарадым. Түниң менен өтмишти ойлап көзлериме жас алған едим аппақ көпшикке қара излер түсипти. Көзимнен аққан бул бояўлардың нағысқа уқсаўын қараң. Эх тәғдир! Өткен өмирим журегиме де қара қәлем менен нелерди жазып кетпеди дейсең...

Пайтахтқа келип оқыўға тапсырдым. Оқыўдың биринши ҳәптеси питиўден қыз апамның үйине қыдырып бардым. Бул өкинишлер сол қыдырып барған жеримде басланды. Жездеме келген еки жорасы спиртли ишимлик ишип көп отырды. Қыз апам үйинде жоқ екен. Сол себепли оларға шай демлеп жеңил-желпи аўқат писирип бердим. Балалығым шығар олардың сыбырласыўына, маған тигилип қараўына, гәплериниң рәмәўизи мени ҳеш қызықтырмады. Түс аўа сиңлим менен Нөкиске автобус жүретуғын бәндиргиге келдик. Бираз ўақыттан жездемниң үйде қалған еки жорасы жеңил машинада жетип келип қызлар миниң алып кетейик деп тоқтады. Қуўанып кетип қапысын ашып атырғанымды билемен, апыр-топыр бола қалды. Сиңлимниң



www.ziyouz.com kutubxonasi

көкирегинен ийтерип жиберип мени алып кетти. Көзлеримнен аққан жас пәк жүрегим, ағалап жалыныўым, жолда қалған сиңлим, пайда болған ғәзебим олардан мени қутқара алмады. Узын қара шашларым жайылып диңке дәрманымда қалмады. Тек жылап баратырман. Қәпелимде аяғым жерге тиймей ойламаған босаға торс ете қалдым. Илажым болмағанлықтан бийтаныс шаңараққа келин болып қала бердим. Күйеўим өзимнен 17 жас үлкен екен. Бойы меннен киши, қара пәреңнен келген сықылсыз киси екен. Түриниң суўықлығынан жүзине қарағымда келмеди. Өзин таныстырыўды да билмеди атын үйиндегилердиң аўзынан еситтим. Мен бурын үйленбедим деди жуўасып. Бир ҳәпте өткеннен соң оқыўға кеттим. Күйеўимниң Нөкисте қыз апаларының үйи бар екен оларға бармадым. Оқыў орнындағы жатақханада бола бердим. Күйеўим изимнен келип турды. Дурыслы хабарласпадым. Үйине де қайтып аяқ баспадым. Оны көргенимде қорқыныш бийлеп көзиме әжеп тәўир көринер еди. Сол-сол екен көрмеўге, бармаўға қарар еттим.

Оқыўды питкерип аўылыма қайттым. Жүрегимдеги дәрт, қәлбимди бийлеген өкиниш өмиримниң ендиги жағын ойлаўдан бас тарттырар еди. Анажаным қасымда ҳәр күни пәрмана. Күннен-күнге азып баратырман ҳәр жерим аўырып диңкем жоқ. Емлеўханаға көриниўге барғанымда шыпакер аязлағансаң өкпеңде исик бар деди. Өмиримнен налып кеттим «жығылғанға жудырық» екен деп үйге муңайып қайттым. Анама



www.ziyouz.com kutubxonasi

ден саўлығым ҳаққында емлениўим кереклигин айттым. Анамның ҳүрейи ушып кетти, бирақ көзине де жас алмай ишинен қамсықты. Мени жыламасын деп өзин тутты.

Бүгин кете берейин дедим анама. Бийшара анам керекли затларымды торақ, сары май, нанбаўырсақ, писирилген таўық бәрин таярлап түйистирип шығарып салды.

Мен санаторияға кеттим. Бул жерде денсаўлығымды көбирек ойладым өткен өмиримди ҳеш еслемедим. Анажанымды сағынғаным болмаса үйге қайтыўға да асықпадым. Қасымдағы қызлар үйин, досларын, жумысын, оқыўын айтып қайтыўға асығады. Ўақыт өтсин деп тоқыма тоқыйман түнлери де далада уйқым келмей аспанға қарап жатаман. Жулдызлар бирим-бирим сөнип көринбей қалады. Таң алдында бир ғана жулдыз қалады. Оны өзим деп ойлайман ҳәмме уйқылап атыр. Мен жалғыз отырман, олда жалғыз тек айырмашылығымыз, ол жулдыздай жарқырап турғаным жоқ...

Ерте таңда ҳәмме турып күнделикли ўақыялар тәкирарланады. Терек астында тоқыма тоқып отырсам қасыма бир жигит келип отырды. Негедур жүрегим ханама сыймай тез-тез соққанлығын аңладым. Өзимде болған бул сезимге ҳайранман.

— Қалайсаң Амангүл, жақсы жатып турдың ба? — деди.

— Рахмет, жақсыман,— дедим төменге қарап, мениң атымды да биледи екен. Хорезмли жигит Баҳадыр менен тез тил табысып кеттик. Ол бир күни маған телмирип қарап отырып:



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Неге атыңды Амангүл қойған? — деди.

— Қызларды гүлге уқсатады, гүл тез солыйды, анам мени солымай аман жүрсин деп Амангүл қойған, — дедим.

— Олар алжасқан. Сениң атың Арыўхан яки Сулыўхан болыў керек еди. Маған салса «Гөззал» деп қояр едим.

— Неге?

— Себеби, мен сиздей сулыўды тек ғана шайыр, жазыўшылардың сүўретлегенинде художниклердиң түр қәлеминен салынған сүўретлеринде ғана көргенмен, — деди.

Оның һәр бир сөзин еситким келе береди. Бундай сөзлерди бурында еситкенмен, ал Баһадырдың айтқанлары, мени еркелеткенлери улыўма басқаша. Һәр күни жалғыз отыратуғын терек саясында енди екеўимиз отыратуғын болдық. Тереклердиң сары жапырақлары жерге түсип атыр, жасылы өзинде. Һәзир усы терекке айлансам уўайымның бәри төгилип, жасыл жапырақтай дөнип турсам деп қыял сүрдим.

Баһадыр менен кем-кем жақын болып кеттик. Оның менен күнлердиң қалай өткенин сезбейде қалыппыз, шыпакерлер бизлерге де қайтатуғынымызды ескертти.

Баһадыр бир күни «Амангүл сени Хорезмге алып кетемен» дегенинде жүрегимнен қан жыладым. Төмен қараўым менен бөлмеге кирип, жатып қалдым.

Тәғдир екен. Ол қасыма келип сүйетуғынын, мениң менен бахтын, өмирин байланыстырмақшы екенлигин айтты. Оған басымнан өткен-



www.ziyouz.com kutubxonasi

лерди айтыўға мәжбүр болдым. Ол бағдан гүл үзбеген болса да, мени алып кетиўге қайыл болды. Бизлер турмыс қурдық. Бахыт пенен муҳаббатты түсинип ышқы тарларын шертип бара беремиз деп ойладық. Бир күнлери автобус пенен ата-енем, туўған-туўысқанлары, күйеўим бәримиз төркинлеп келдик. Сол күни Баҳадыр «Амангүл бурын турмысқа шықты деп айтып қоймаң» деп ескертип жүрди ҳәм қайтқанша алаҒада болды. Сырымыз әшкар болмай қайтқанымызда оның жүзиндеги қуўанышты айтып жеткериў қыйын еди. Оның мен ушын ҳәр иске таяр турғаны мениң оған деген муҳаббатымды және де беккемледи. Мениң бахытлы күнлерим басланды.

Көп өтпей-ақ Хорезмниң шеберине айландым. Қызлар гезек пенен көйлек тиктирип кеткенде енемниң төбеси көкке жетип, басымнан дузды айландырып қалтама салып қоятуғын еди. Бахытлы демлер тез өтер екен. Арадан үш жыл өтти. Күйеўим бала ҳаққында аўыз ашпады.

Шыпакерге көринсем сенде ҳеш аўырыў жоқ, бала көтересең күйеўиңди әкел — деди. Баҳадырға айтсам бармады. Емленейик дегенимде яқ жаным мен наўқаспан пайдасы жоқ деп мени тыңламады. Баҳадырды тыңлаўдан басқа илажым жоқ еди.

Бизлер баладан басқа ҳеш нәрсени әрман етпедик. Бир мәртеде урыс-қағыс болмады. Бир күни үйимди сағынғанымды Баҳадырға билдиргенимде ата-енемнен руқсат алып екеўимиз төркинге жол алдық. Аўылға жақынлағанымда, Шақаманның бой жеткен tереклерине, қатар



www.ziyouz.com kutubxonasi

қурылған жайларына, ҳәр тәрепке тараған тар соқпақларына, сарғыш тартқан қақлы қумларына сүйсинип тойып-тойып қарадым. Өмирдиң буншелли рәҳәтли демлериниң бар екенлигине қуўандым. Қақлы қумнан терген көсиклеримди, пыязларымды қағазға орап жүрип, таласып жегенлеримди Баҳадырға айтып күлисип те алдық. Аўылға да келдик. Анажанымды сағынғаным соншели ыссы баўырына басымды қойып, гөдектей дизелеринде отырғым, еркелетип айтқан сөзлерин еситким келе береди. Туўысқанларымды ертип алған Баҳадыр жердиң астынан шыққан ыссы суўлы кранға гә Абат жаптың ылай суўына шомылып ҳәз етти. Тәбиятымызды мақтады.

— Сағынғандай елиң бар, Амангүл —дегенинде бундай жерге, бундай елге киндик қаным тамғанына баладай қуўандым.

Үйде бир ҳәпте болып «анамның, туўысқанларымның дийдарына тойып, енди қайтамыз деген күни сиңлимди күйеўи басына урып, емлеўханаға түсирипти — деген гәпти еситтик. Қундақтағы баласын үйге алып келипти Баҳадыр сиңлимниң баласын қолына алып. Узақ қарап турды да емиренип сүйди. Аналық сезимим оянып кетти. Баҳадырға усындай бала туўып бергенимде деп ойладым.

Күйеўим сезди де қасыма келип, қапа болма, екеўимиз еле усындай балалы боламыз, — деп мениң кеўлимди де алған болды. Сиңлимниң аўҳалынан хабар алдық. Жарақаты оншелли аўыр емеслигин көрип, Хорезмге қайттық.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Онлаған күн өткеннен соң түнде Бахадыр ауырып шықты. Шыпакер шақырып дәри-дәрмақларын алды, лекин ҳеш пайдасы болмады. Ақыры емлеуханаға алып кетти. Изинен барған сайын аухалын көрип қорқып қайтаман.

Бир күни Амангүл деп қолларымды услап сен үйбетиңе барып кел — деди.

— Неге, жақында барып келдик, мен сениң жаныңда боламан.

— Яқ, сен бара бер. Сиңлиң күйеуинен айырылысып атыр, баласын бермес пе екен, Науурызбекти сора, — деди. Ойланып қалдым. Ата-енеме де бул пикир мақул түсти. Нөкиске келдим, Қазақдәрьяның автобусына минсем сиңлим отыр екен, қолында Науурызбек көзиме дым сүйкимли көринди. Бауырыма басып қатты қушақладым. Көкирегим жуулап, аналық меҳирим төгилгендей сездим. Көзимдеги жасты көрген сиңлим мени аядыма, яки бурыннан-ақ ойлап жүрген бе?

— Усы баланы алағой, әкеси менен айырлысып болдық, — деди. Бул сөзлерди еситемен деп ойламаған мен, сиңлимниң көкирегине басымды қойып үнсиз жыладым. Автобус адамларға толы еди. Үйде еки күн болып Хорезмге қайттым. Келсем Бахадыр үйде екен.

— Амангүл жумысың питтиме? — деди ол есиктен кириуден.

— Ауа питти, — дегенимде көзлеримнен аққан жасты сыпыртқызбады.

— Бул қууаныш жаслары, — деди ийеги кемсеңлеп. Еситиуимше шыпакерлер Бахадырды дем



www.ziyouz.com kutubxonasi

алағойсын деп қайтарыпты. Бул ҳаққында маған ҳешким айтпады арадан бир ҳәпте өтти, Баҳадырдың саўлығы төменледи.

Мөлерип қалған көзлери менен тигилип қарап сени бахытлы ете алмадым дегендей бар күши менен басын шайқады да, орнынан қозғалып маған талпынбақшы болды. Көзлери кем-кем нурсызланып баратыр.

Қолларын услағанымда:

— Мен өлсем, сен аўылыңа қайт. Иним менен бахытлы бола алмайсаң бизлердиң дәстүримизге қайыл болма деди. Тәуир болсам Наўрызбек баламды алып келемен атын Әрман деп өзгертемен деп едим. Билмедим негедур демим таўсылып баратырғандай. Мениң Әрманымды өзиң алып сақла, — деди кем-кем ҳәлсизленип. Сол күни Баҳадыр мени, ата-анасын, туўысқанларын таслап мәңгилик уйқыға кетти. Намазына келген ағаларымнан:

— Наўрызбекти неге әкелмедиңиз дегенимде:

— Амангүл қапа болма нәресте сен қайтқаннан еки күннен соң шетнеп қалды, — деди. Бул сөзлерди еситиў мен ушын қаншелли аўыр екенин сезбеген ағаларым қарындасым саған не болды? — деўи менен сылқа түскен денемди сүйеў менен болды. Өзиме келгеним менен өмирдиң қызығын, бахытлы демлеримди, әрманымды Баҳадыр өзи менен алып кетти. Муҳаббат ләззетине толып туратуғын ханамда, енди суп-суўық самал, төрт дийўал және жалғыз мен қалдым.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Аўылға келгеннен соң Қараөзектеги дайы журтымда Асқар деген жигитке басымды шаттым....

Сүринип қағылып жүргениме он еки жыл болыпты. Бир күни аўырып, шыпакерге көриндим әрманларым ғумшалап, жапырақ жайыпты, ҳәмледар болыппан.

Гүлдей қызым бар. Қызымның атын Үмитгүл деп қойдым. Үмит еткен нәрестем баўырымда өсип атыр. Түсимде қызым шаңғалақ шағыпты дәнеси толық екен. Құда қәлесе Үмитгүлимниң әрманлары пуш болмай тап сол дәнедей толық, шийрин болады...



www.ziyouz.com kutubxonasi

## КЕЎИЛЛЕРДЕ ДӘРЬЯ МӘЎИЖ УРҒАН КҮН

*(Этюд)*

Қыңырлығы услай қойса қыйқаң баладай пәтенге келтиретуғын ҳаўа райының 8-март күни басы жамғыр соңы қарға айналған булағайын көрген журт «күнниң мына сылайы болса бәҳәр жуўғарада шыға қоймас» деп тон пишип еди. Лекин, аспанды бир тегис қаплап алған жаўынның гүңгирт бултлары сәўир самалының ырқында сеңдей ыдырап күлимсиреген қуяш пенен дийдар көристирди.

Әне, езиўлеринде шадлық ериген бир топар қыз-жаўанлар арыў дийдарын таң самалына сүйдирип сыңқ-сыңқ күлисиўи менен аўылдағы шетки үйлердиң бирине кирди. Гүлли өлгеймен шаршысын қыя жамылған сәрдар жеңгеси босағадан атлаўдан:

Жамғыр жаўды көл болды,
Таўлар басы ҳол болды,
Наўрыз келип үлкеге,
Шадлығымыз мол болды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул не жатыс абысын,
Аш кеўилдиң қапысын,
Шарапатлы әййямда,
Қапалығың дағысын.

— деп сайрап қояберди. Оның қапалығың дағысын дегенинше бар, өйткени бул үйде қәўендери жоқ жалғыз баслы майып ана жасайды, бундай улыстың уллы күнинде қәстелердиң ҳал-жағдайынан хабар алыў үлкен саўап.

Көптен төсек тартып жатырған қәсте ана буларға ырза болғанлығын кетеринде «Қудай сыйласын, шырақларым байрамыңыз пайызлы болсын» деп көзлеринде жас пенен ақ пәтиясын берип қалды.

Буннан кейин олардың ишинен көк камзоллы қолы жеңил шыпакер келиншекке сыбай жайласқан үш төрт үйдиң биринде ҳәзир ғана шырқырап дүньяға келген бөбектиң киндигин кесип атын Наўрызбай деп қойыў несип етти.

Ал, анаў қур таманда арқан тартыспақ, тас кекил қоразлардың шоқысыўлары, мүйизи үш таўланған қошқарлардың гелле тасласыўлары, палўанлардың беллесиўлери, аткөншек ушыўлар қызып атыр.

Жарықлық өпепекте келип барлық дарақлар бөртикке отырыпты. Ана тәбиятта бәрше тиришилиги нәўбәҳәрден үлеслерин алып ҳәрекетке кирисип атырған бир ўақытта көринген адамды өзиниң кең дастурқанына, байрам тағамларына мират етип турған миллий кийимдеги ананың шадлығында шеги жоқ. Таңлайда татыйтуғын сүмелегинен дәм тартқанлар оларға сүмелек



www.ziyouz.com kutubxonasi

қәдесин берип кетип атыр. Онында мәниси бар, себеби сүмелек бәҳәрдиң таңсық тамағы болып табылады. Өйткени, ол бийдайдан исленеди. Ал, бийдайдың суўы асқазан кеселлигин емлейди, оның суўын жылдың басында бир қанып ишкен адам жыл ақырына шекем ишек кеселлигиниң не екенлигин билмейди.

Ҳо, анаў аққуўдай қалқып омыраўын керип таслап көкпар терисин ҳешкимге бермей, ақбоз арғымағы менен толайым журтты тәсийин қалдырып жүрген жигит ким болды екен? Итимал атақлы шабандоз Алимбет дәўдиң журтынан шығар, ким билсин өзимиздиң Бозатаўдың-ақ баҳадыры шығар.

Ким болса да аттың қулағында ойнайтуғынлардан екен, журт қыйқыўын жетирип, неде болса бир серпинип қалды. Сонда қыялымда мына қосық қатарлары өтти.

Темир суўлықларын шайнасып атыр,
Ашық алаңлықта қызады көкпар,
Өзбек, қазақ, түркмен, қарақалпақлар,
Мереке саўғанда күлимлер Наўрыз.

Ылақты бир жайсаң жигити дуздың,
Тасласа аяғы астына қыздың,
Төрт туяқ астында шашырап ушқын,
Бедеў-жоны қызар, күлимлер Наўрыз.

Аўа, бүгин дал бедеўлердиң жоны қызып, дойнағында бәрин шығаратуғын күн. Бүгин ғоншақ жигитлер менен қыз жаўанлардың шар майданларда бар өнерин көрсететуғын күн. Байрам-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ның қайнаўыт ағысына епкинли мәўиж болып тағы бир рәң-бәрең ендирген гүл мыйықлы арба алтақтастындағы алты қыздың шадлығында шеги жоқ. Кими шың қобыз шертсе, кими хәўжар айтып арба менен қосылып ырғатылысып киятыр. Олардың қақ ортасында қумырыдай қонып отырған суў қабақлы кишкене қыздың көксиндеги жуўдырласқан ҳәйкел, өңир моншақларын көрген көздиң қумарын алады. Олар бүгин той саўып, әтирапты заўыққа бөлемекши. Илайым, бәҳәрдиң ҳәр бир күни кеўиллерде дәрья толтырып, қуўанышқа, шадлыққа бөлей берсин.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## МАЗМУНЫ

Әмиўдәрья .................................................... 3
Бир яр киятыр (*Жигитлер тилинен*) ................. 4
Өмир ............................................................ 5
Достым ......................................................... 5
Соқпағым ...................................................... 6
Қызым тыңла! ................................................ 6
Аманлық ....................................................... 7
Адамлар ....................................................... 8
Ана .............................................................. 9
Бахыт билдим... ............................................ 9
Мениң налам.. ............................................... 10
Өгей нәресте ................................................. 13
Сезим ............................................................ 14
Дәртим ......................................................... 15
Жездеме ........................................................ 15
Аўылым ......................................................... 16
Үмит шаққан шаңғалақ ................................... 18
Кеўиллерде дәрья мәўиж урған күн (*этюд*).......... 27



www.ziyouz.com kutubxonasi

Зыяда ҚУТЛЫМУРАТОВА

# ҮМИТ ШАҚҚАН ШАҢҒАЛАҚ

«Билим» баспасы
Нөкис — 2017

Редактор *С. Айтмуратова*
Көрк. редактор *И. Сержанов*
Тех. редактор *З. Алламуратов*
Оператор *А. Бегдуллаева*

**Лицензия: AI №108, берилген ўақты 2008-жыл 15-июль.**

Басыўға руқсат етилди 16. 02. 2017-жыл. Форматы 84x108 $^{1}/_{32}$. «Shkolnaya KRKP» гарнитурасы. Офсет баспа қағазы. Офсет баспа усылында басылды. Көлеми 1,0 б.т. 1,68 шәртли б.т. 1,56 есап б.т. Нусқасы 500 дана. Баҳасы шәртнама бойынша. Буйыртпа №2.

«Билим» баспасы, 230103. Нөкис қаласы,
Қарақалпақстан көшеси, 9.

**Электрон мәнзил: bilim.baspa.@inbox.uz**

«Билим» баспасында басып шығарылды.

www.ziyouz.com kutubxonasi